

## ATIK 2

***Transmision Révélation Bondié-a***

74 Bondié « vlé pou tout moun sovè, pou yo rivé nan konésans vérité-a »  
851 (1 Tm 2, 4), sètadi Kris Jézu (cf. Jn 14, 6). Sé poutèt sa yo doué anonsé Kris-la bay tout pèp épi tout moun pou konsa Révélation-an rivé jous nan bout tè-a :

« Sa Bondié té révélé pou sovè tout nasion-yo, li té dispozé ak byinvéyans pou-l té rété toutantié épi pou yo transmèt li bay tout jénérasyon » (DV 7).

**I. Tradision apostolik-la**

75 « Kris-la Granmèt-la, li minm koté tout Révélation Bondié ki anro  
nèt-la fîn réalizé-a, té pasé Apot-yo lòd pou Évanjil-la, sa yo té promèt  
anvan palintèmeditè Profèt-yo, sa-l té akonpli-l épi li té proklamé-l ak  
171 pròp bouch li-a, yo préché-l bay tout moun kòm sous tout vérité k-ap sovè  
ak tout disiplin moral, antan yo kominiké kado Bondié-yo ba yo » (DV 7).

**Prèch Apot-yo...**

76 Daprè sa Granmèt-la kòmandé-a, transmision Évanjil-la fèt nan dé fason :

— *Ak sa ki di* « palintèmediè Apot-yo, yo minm ki nan prédikasion oral, nan égzanp ak òrganizasion, té transmèt sa yo té résévoua soua nan paròl, soua nan viv avèk Kris-la soua nan aksion-l yo, soua yo té aprann nan sa Éspri-Sin-an souflé yo » ;

— *Ak sa-k ékri* « palintèmediè Apot-yo épi moun ki té viv avèk yo, yo-minm ki, anba inspirasion minm Éspri-Sin-an, té bay lòd ékri anons sovè nou sovè-a » (DV 7).

**... ki kontinué nan siksésion apostolik-la**

77 « Min pou Évanjil-la té kapab konsèvé intak épi vivan san rété nan  
861 l'Égliz-la, Apot-yo té kité Évèk-yo pou ranplasé yo (kòm siksésè yo), antan yo “rinmèt yo pròp plas ansègnman yo-a” » (DV 7). Réyèlman vré, « prédikasion apostolik-la, sa-k éksprimé yon fason spésial nan liv ki inspiré-yo, té doué konsèvé ak yon siksésion san rété jous tan-yo ap fîn bout » (DV 8).

78 Transmission vivan sa-a ki fèt nan Èspri-Sin-an, minm si-l diféran  
 174 parapò a Sint-Èkritu-a, poutan li fè youn byin séré avèk li, yo rélé-l  
 1124, 2651 Tradision. Palintèmediè-l « l'Égliz-la nan ansègnman-l, lavi-l épi kult-li,  
 ap transmèt san rété bay tout jénèrasion-yo tout sa li yé, tout sa-l kouè »  
 (DV 8). « Sa Sin Pèr-yo té di témouagné prezans Tradision vivan sa-a ki  
 passé ak tout richès-li nan pratik lavi l'Égliz-la ki kouè épi k-ap priyé »  
 (DV 8).

79 Konsa, kominiké Papa-a té kominiké pròp tèt li-a palintèmediè Paròl  
 li-a nan Èspri-Sin-an li rété vivan épi aktif nan l'Égliz-la : « Bondié ki té  
 palé lontan-an pa sispenn dialogé ak Épouz Pitit li-a épi Èspri-Sin-an ki fè  
 voua vivan Évanjil-la ap sonnin nan l'Égliz-la épi palintèmediè l'Égliz-la  
 sou tè-a, l-ap minnin moun ki kouè-yo nan tout vérité-a épi l-ap fè paròl  
 Kris-la abité ak tout richès-li nan yo » (DV 8).

## II. Rapò ant Tradision-an épi Sint-Èkritu-a

### Yon sèl sous an komin...

80 « Tradision sakre-a donk épi Sint-Èkritu-a konékté byin séré youn ak  
 lòt épi yo fè youn ansanm. Paské toulèdé koulé sot nan minm sous  
 Bondié-a, yo grandi ansanm fè youn épi y-ap chèché minm finalité-a »  
 (DV 9). Ni youn ni lòt fè mistè Kris-la prézan nan l'Égliz-la épi pou-l  
 donnin frui, li-minm ki té promèt pou-l rété avèk moun pa-l yo « touléjou,  
 jous longè tan-an fîn rivé bout li » (Mt 28, 20).

### ... dé modalité transmision diféran

81 « *Sint-Èkritu-a* sé paròl Bondié nan mézi yo fiksé-l antan yo ékri-l  
 anba souf inspirasion Èspri Bondié-a ».

113 « *Tradision sakre-a* minm ap transmèt Paròl Bondié-a, sa Kris-la  
 Granmèt-la épi Èspri-Sin-an té konfié Apot-yo, bay siksèsè yo  
 intégralman, pou yo konsèvé prédikasion yo-a ak fidèlité antan Èspri  
 vérité-a ap kléré yo, pou yo ékspozé-l épi poté-l byin louin » (DV 9).

82 Konsékans-la sèké l'Égliz-la yo rinmèt transmision épi intèprétation  
 Révélation-an, « pa pran asirans-li osijè tout sa yo révéle-yo nan Sint-  
 Èkritu-a sèlman. Sé poutèt sa toulèdé sé pou yo résévoua yo épi vénéré yo  
 ak minm santiman piété épi respè-a » (*Ibid*).

### Tradision apostolik-la épi tradision éklézial-yo

83 Tradision n-ap palé osijè-l la soti nan Apot yo épi li transmèt sa yo-  
 minm yo té résévoua apati ansègnman Jézu-a ak égzanp li épitou sa Èspri-  
 Sin-an té aprann yo. Réyéلمان vré, premié jénèrasion krétyin-yo pa-t

ankò gin Nouvo Téstaman-an ki ékri-a, Nouvo Téstaman-an minm témouagné mouvman Tradision ki vivan-an.

1202, 2041

2684

Sé pou yo distingé-l parapò a « tradision » téolojik, disiplinè, litijik oubyin sa-k fè pati dévotion-an ki vîn parèt nan déroulman tan-an nan l'Égliz chak koté-yo. Sa-yo sé fòm patikilié koté gran Tradision-an résévoua ékspréssion ki adapté pou diféran koté nan diféran épòk. Sé anba limiè [gran Tradision-an] antan Majistè l'Égliz-la ap gidé, y-ap kapab konsèvé, chanjé oubyin kité [lot « tradision »-yo] akoté.

### III. Intèprétasion éritaj lafoua-a

#### Sé tout l'Égliz-la yo rinmèt dépo lafoua-a

84

857, 871

*Dépo lafoua-a* (cf. 1 Tm 6, 20 ; 2 Tm 1, 12-14) ki nan Tradision sakré-a épi nan Sint-Ékritu-a, sé tout l'Égliz-la yo rinmèt-li palintèmediè Apot-yo. « Antan tout pèp-la ki sin-an ki réyini ak Pastè-l yo rété kolé ladan-l li pèsévéré san rété nan ansègnman Apot-yo épi kominion-an, nan kasé pin-an ak priyè-yo, konsa nan kinbé lafoua yo transmèt-la, nan mété-l an pratik épi nan déklaré-l, gin yon akò éspri spésial ki vîn fèt ant Résponsab-yo ak fidèl-yo » (DV 10).

2033

#### Majistè l'Égliz-la

85

888-892

2032-2040

« Fonksion pou intèprété Paròl Bondié-a yon fason otantik-la, sa-k ékri-a oubyin sa yo transmèt-la, sé sèlman bay Majistè vivan l'Égliz-la yo konfié-l, li minm ki égzèsé otorité-l nan non Jézu-Kri » (DV 10), sètadi bay Évèk-yo an kominion avèk Siksèsè Piè-a, Évèk Ròm-nan.

86

688

« Min Majistè sa-a pa anlè Paròl Bondié-a, min li nan sèvis li, antan l-ap ansègné sèlman sa yo té transmèt-la, nan mézi anba lòd Bondié té bay-la épi ak asistans Éspri-Sin-an, l-ap kouté-l ak piété, l-ap protéjé-l yon fason ki sin épi l-ap ékspozé-l ak fidélité, épi li propozé sa-l tiré nan yon sèl dépo lafoua-a kòm sa yo doué kouè Bondié révéle » (DV 10).

87

1548

2037

Fidèl-yo, antan yo sonjé paròl Kris-la pou Apot-yo : « Moun ki kouté nou, sé mouin minm li kouté » (Lc 10, 16 ; cf. LG 20), résévoua ansègnman-yo ak règléman-yo ak dosilité, sa Pastè-yo ba yo nan diféran fòm.

#### Dògm lafoua-yo

88

Majistè l'Égliz-la anplouayé otorité li résévoua nan Kris-la anplin lè li défini yon dògm, sètadi, lè sé san posibilite chanjman nan yon fason ki

oblifé pèp krétyin-an rété kolé nan lafoua-a, li propozé yon fason définitif kèk vérité ki anndan Révélation Bondié-a, oubyin minm lè sé kèk vérité ki gin yon konéksion nésésè avèk prémié vérité-yo.

89            Gin yon rapò tankou nan yon ògàn vivan ant lavi spirituèl-nou épi  
2625            dògm-yo. Dògm-yo sé limiè ki kléré chémin lafoua-nou épi fè-l asiré. Visvèsa, si lavi-nou douat, intèlijans-nou ak kè-nou ap ouvri pou nou résévoua limiè dògm lafoua-yo. (cf. Jn 8, 31-32).

90            Rapò dògm-yo ginyin youn ak lòt épi koérans yo, li posib pou jouinn  
114, 158            yo nan anbrasé tout Révélation mistè Kris-la (cf. Cc. Vatican I: DS  
234            3016: « nexus mysteriorum » ; LG 25). Sé pou yo sonjé « gin yon lòd oubyin yon “yérarchi” vérité doktrîn katolik-la, paské yo gin rapò ki diféran ak fondman lafoua krétyin-an » (UR 11).

### **Konpréansion lafoua-a ki dépasé sa-k natirèl-la**

91            Tout fidèl Kris-la patisipé nan konprann épi nan transmèt vérité révéle-  
737            a. Yo résévoua onksion Éspri-Sin-an k-ap anségné yo (cf. 1 Jn 2, 20. 27) épi k-ap kondui yo « nan tout vérité-a » (cf. Jn 16, 13).

92            « Tout fidèl-yo ansanm [...] pa kapab tronpé yo nan lafoua-a (*in*  
785            *credendo*), épi karaktè spésial sa-a manifésté palintèmediè konpréansion surnaturèl lafoua tout pèp-la ansanm, lè “dépi sou Évèk-yo rivé jous nan dènié fidèl layik-yo” li prezanté konsantman inivèsèl-li osijè bagay ki konsèné lafoua-a ak moral-la » (LG 12).

93            « Nan konpréansion lafoua sa-a réyèlman, sa Éspri vérité-a révéyé épi  
889            soutni-an, pèp Bondié-a anba gid Majistè sakré-a [...] rété kolé san fay sou lafoua yo transmèt yon sèl foua pou tout bay sin-yo, antan l-ap antré pi afon nan li ak jijman ki douat épi l-ap mété-l an pratik pi byin nan lavi-l » (LG 12).

### **Kouasans intèlijans lafoua-a**

94            Palintèmediè asistans Éspri-Sin-an, konpréansion ni réalité-yo ni paròl  
66            dépo lafoua-a kapab grandi nan lavi l’Égliz-la :

2651            – « apati kontanplasion ak étud moun ki kouè-yo, k-ap médité-yo nan kè yo » (DV 8) ; sitou « ak réchèch téolojik-la » k-ap chèché « konnin vérité révéle-a pi afon » (GS 62, § 7 ; cf. 44, § 2 ; DV 23 ; 24 ; UR 4).

2038, 2518            – « apati konpréansion intim [moun ki kouè-yo] ékspérimanté nan réalité spirituèl-yo » (DV 8) ; « paròl Bondié-yo grandi ansanm ak moun k-ap li yo-a » (S. Grégoire le Grand, hom. Ez. 1, 7, 8 : PL 76, 843D).

– « apati prédikasyon moun ki té résévoua karism vérité asiré-a ansanm ak siksésion Épiskopa-a » (DV 8).

- 95 « Sé poutèt sa li klè, Tradision sakré-a, Sint-Ékritu-a épi Majistè l'Égliz-la, dapré désizyon ki trè saj Bondié té pran-an, yo tèlman konékté youn ak lòt épi asosié, sa fè youn pa kapab kanpé san lot-yo, yo tout ansanm, yo chak nan fason pa-yo anba aksion yon sèl Éspri-Sin-an, poté konkou (kontribué) ak éfikasité pou sovè nanm-yo » (DV 10, § 3).

### RÉZIMÉ

- 96 *Sa Kris-la té konfié Apot-yo, yo-minm yo té transmèt li ak sa yo té préché épi sa yo té ékri anba souf inspirasyon Éspri-Sin-an bay tout jénérasyon-yo joutan Kris-la rétounin nan gloua-a.*
- 97 « *Tradision sakré-a épi Sint-Ékritu-a sé yon sèl dépo sakré Paròl Bondié-a yo yé » (DV 10), koté tankou nan yon glas l'Égliz-la ki an pèlerinaj-la ap kontanplé Bondié, sous tout richès li-yo.*
- 98 « *Nan ansègnman-l, nan lavi-l, nan kult li-a, l'Égliz-la kontinué kinbé épi transmèt bay tout jénérasyon-yo tout sa-l yé ak tout sa-l kouè » (DV 8).*
- 99 *Palintèmediè intèlijans lafoua-a ki dépasé sa-k natirèl, tout Pèp Bondié-a pa sispann résévoua kado Révélation Bondié-a, antré pi afon nan li épi viv-li pi byin.*
- 100 *Fonksion pou intèprété Paròl Bondié-a yon fason otantik sé sèlman bay Majistè l'Égliz-la yo rinmèt li, Pontif Romin-an épi Évèk-yo ki an kominion avèk li.*

[◀Atik  
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶  
apré-a](#)